ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И І ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№61 (22.969) ● 2015 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 4, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Лэжьыгъэмкіэ законодательствэр зэрагъэзащіэм кіэлъоплъ

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэІущІэм республикэ закон зыбжанэм я проектхэм щыхэплъащ. Абыхэм ящыщ зыщ «Лэжьыгъэмкіэ законодательствэр, лэжьапІэ ІэнатІэхэм я кьыдзэгъэщыкІэм хиубыдэ мардэхэр зыхэт адрей хабзэхэр зэрагъэзащІэр къэпщытэным хуэгъэза ведомствэ кІэлъыплъынымрэ ІуэхукІэ» законопроектыр. Ар ягъэхьэзыращ УФ-м Лэжьыгъэмкіэ и кодексым и 353.1-нэ статьям ипкъ иткІэ икІи а законопроектым еубзыху гъэзэщІакІуэ властым и органхэмрэ щыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэмра я унафэм щІэт организацэхэм лэжьыгъэмкІэ хуитыныгъэхэр кьыдзрызэрагъэпэщыным зэрыкІэлъыплъ щыкІэр. Апхуэдэ кІэлъыплъыныгъэр планым тегу, апхуэдэу, хуей щыхъуи деж, пІалъэ пыуухьІкІам темыщІыхьауэ кьыдзрагъэпэщ. ПІалъэ пыуухьІкІам темыту къэпщытэныгъэр щрагъэкІуэкІыр лэжьыгъэмкіэ законодательствэр кьыдзрызэрапаудым теухуа тхьэусыхафэ зыхуэфащэ уполномочённэ органым кьыІэрыхьамэщ, нэхъ апэкІэ кьыщІагъэщауэ щыта ныкъусаныгъэхэр зэрагъэзэкІуэжам теухуа отчет унафэщыным и зэманым къыммытамэщ.

Федеральнэ законодательствэм зэрырагъэзэгъэжьым кьыхэкІыу «ЦІыхухэмрэ щыналъэхэмрэ щыуэпсым и щытыкІэм е техникэр кьыдзрагъэсэбэпым кьыхэкІыу къэхъуа кьыдзрымыкІуэ щытыкІэхэм ящыхьумэным и Іуэхукіэ» законопроектым хэплъащ.

Апхуэдэу депутатхэр тепсэлъыхьыжащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэхэм (тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я фэеплъхэм) я Іуэхукіэ» КъБР-м и Законми. Абы дыщІагъужащ КъБР-м и къэрал властым щэнхабзэм и хъугъуэфІыгъуэхэр хъумэныкІэ, къэгъэсэбэпыныкІэ, хэІущІыУ щыныкІэ полномочиехэр зиІэ и органым мы ІэнатІэм и лъэныкъуэкІэ кьыбгъэдэхуэ къалэн пыухыкІахэр зыубзыху статья щхьэхуэ.

А махуэм зыхэплъа документ посри депутатхэмрэ Іуэхум кьеГъэщІылІа органхэмрэ елэжьын папщІэ хуагъэхьащ.

Апхуэдэу Президиумым и зэІущІэм щытепсэлъыхьащ федеральнэ закон щхьэхуэхэм я проектхэр кьаазэрыщыхъуам теухуауэ нэгъуэщІ щыналъэхэм я парламентархэм кьаГъэхьа тхыгъэхэм, агропромышленнэ комплексым папщІэ ІэщІагъэлІэхэр зэрагъэхьэзырым, ипотекэ кредитым теухуа жэрдэмхэм, «Ветеранхэм я Іуэхукіэ» Федеральнэ законым хэлъхьапхъэу кьалъытэ зэхъуэкІыныгъэхэм.

Депутатхэм унафэ кьащтащ егъэджэныгъэм и ІэнатІэм екъулІэныгъэ инхэр зэрыщІэм папщІэ математикэмкІэ егъэджакІуэ Джауруджий ФатІимэ Исуп и пхъум, психологиемрэ педагогикэмкІэ егъэджакІуэ Мэремкъуэ Риммэ Къанщобий и пхъум, адыгэбзэмрэ литературэмкІэ егъэджакІуэ Тэнащ Тамарэ Малил и пхъум КъБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхылъыр етыным теухуауэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1аІ1э.

● Зэпеуэхэр

Сурэт щхъуэкІэплъыкІэхэр

Налшык ХьэтІохъущокъуэхэ я зыгъэпсэхупІэ хадэм щекІуэкІащ «Нарисуй улыбку» Іуэхур. Ар кьыІэригъэпэщащ Налшык къалэм и щыпІэ администрацэм физкультурэмкІэ, спортымрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и управленэм.

АБЫ хэтащ республикэм и гимназие-интернат №1-м и 1 - 2-нэ классхэм щеджэхэр, щІалэгъуалэ советым и волонтёрхэр, Хьэсэней къуажэм и курыт еджапІэ №16-м и гъэсэнхэр.

«Волонтёрский корпус 70-летия Победы» проектыр ирагъэжьащ «Нарисуй улыбку» Іуэхумкіэ. «Абы хьихьэу зыбжанэ ирагъэкІуэкІыну ябзыхуащ. Къалэдэс щІалэгъуалэм Іэмал яІэщ абы хэтыну, тхыдэр, я адэшхуэхэм Хэку зауэшхуэм щыІэрахьа лІыгъэм, хахуагъэм ятеухуа хъыбархэр хъума хъуным хэлъхьэныгъэ хуащІыну», - жиІащ Налшык къалэ администрацэм физкультурэмкІэ, спортымрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и управленэм и унафэщІым и къудэзэ Энеевэ Лиза. - Зауэр зи щІысыр къызыгурымыІуэ сабийхэм дыгъэм, анэм, удз гъэгъахэм я сурэтхэр къэрэндащ щхъуэкІэплъыкІэхэмкІэ ящІыну, сыт щыгъуи гуфІэгъуэ, насып яІэну дыхуейщ. Волонтёр Іуэхум ехьэлІа упщІэ зиІэхэм а Іуэхур зезыгъакІуэ Кьанокъуэ Анжелэ зыхуэбгъаз хъунущ. Телефоныр 42-27-68.

Зауэм, лэжьыгъэм, Іэщ-кІэ зэщІэзуэзда кьарухэм, хабзэхъумэ органхэм я зэгухьэныгъэу Налшык къалэм щыІэм и унафэщІ Абдуллаев Мустэфа еджакІуэхэм зи адэшхуэ, анэшхуэ зауэм щыІа яхэтмэ щыщІэупщІэм, ныбжьыщІэхэм зым и псальэр адрейм Іэпихыу кьаРаІуа а мафІае ипсэхэм я гугъуехьхэр зыгъэва я адэшхуэхэм я цІэхэр. «Нобэ дызэІущІащ Хэкур зыхъумэу зауэм хэта ди нэхъыжьыфІхэм пщІэ зэрахуэтщІыр къэдгъэльэгъуэну. Иджы фІъагъурэ ахэр щІэзэуа, фыщыпсэу щыналъэм и дахагъыр? Сыт ди кьалэм зэреджэр? Сыту цІэ дахэ ирата абы!». Ветераным и упщІэхэм сабийхэм я гуапэу жэуалхэр ираташ.

«Нарисуй улыбку» Іуэхум хьихьэу ХьэтІохъущокъуэхэ я хадэм спорт зэхьэзэхуэхэр щекІуэкІащ гимназие-интернатым и гъэсэнхэм, Хьэсэней школым и класс нэхъыжьхэм щІэсхэм, Налшык къалэ администрацэм и щІалэгъуалэ советым хэт волонтерхэм папщІэ. Сабийхэм асфальтым сурэтхэр щащІащ, шархэр яГъэпщащ, къэфащ, топ джэгуащ. Зэпеуэр къызэзыгъэпэщащэм абы хэта гупхэм сагъэтхэр хуащІащ, фІыуэ еджэныи къыхураджащ.

БЖЬЫХЬЭЛІ Розэ.

■ ЗэІущІэхэр ■ Ди лъэпкъэгъуэхэр

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Махуэгъэпс ■ Малъхъэдис

Мы махуэхэм

Мэлыжьыхьым и 4, *щэбэт*

♦**Лагъымым кьыпкърыкІ шынагъуэмрэ щІым а Іэщэ лІэужьыгъуэр къыхэхьыжьынымрэ ятеухуа щІэныгъэ цІыхухэм етыным и дунейпсо махуэщ**

♦1933 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхакІуэхэм я оргбюро къызэрагъэпэщащ.

♦1945 гъэм Дзэ Плъыжьым Венгриер хуищІ къыщІыжащ.

♦Къэрал къулыкъущІэ, Абхъаз Республикэм и етІуанэ президенту щыта, АР-м и ПІыхъужь **Бэгъэпщ Сергей** къызэралъхурэ илъэс 66-рэ ирокъу.

♦УсакІуэ, Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Емыжь МулиІэт** къыщалъхуа махуэщ.

♦Философие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м цІыхухэм щІэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтын и ІэнатІэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъБКъУ-м и проректор **Къумыкъу Іэуес** и ныбжьыр илъэс 49-рэ ирокъу.

♦Дунейм бэнэкІэ хуитыныкІэ и чемпион **Нартокъуэ Аслъэн** и ныбжьыр илъэс 35-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэзых тІэкІу кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 9, жэщым градуси 2 - 5 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 5, *тхьэмахуэ*

♦**Геологым и махуэщ**

♦**КъалмыкъРеспубликэм и Конституцэм и махуэщ**

♦**Къэзахъстаным Іэпхъуэшапхъуэ Іуэхуэр зи нэІэ щІэт и полицэм и махуэщ**

♦**Корее Ипщэм щагъэлъапІэ жыгэр хэсэным и махуэр**

♦1241 гъэм Невский Александр и дзэм Чудскэ гуэлым и дежи нэмыцэдзэр щыІэтрикъутащ.

♦1905 гъэм Алъхъуэй (Курп Ищхъэрэ) кьуажэм и мэкъумэщІыщІэхэм зыкъаІэтащ.

♦1943 гъэм ВКП(б)-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и бюром унафэ кьищтащ Бахъсэн ГЭС-р зэфІэгъэувжьыным теухуауэ.

1943 гъэм Налшык дэт дагъэ завод №1-р зэфІагъэувэжащ.

♦Бзэщ1эныгъэл1, филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик **ПІаз Сергей** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

♦ Инженер-ухуакІуэ, КъБР-м и Парламентым и депутату щыта **Сокъур Олег** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэзых тІэкІу кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 5 - 10, жэщым градуси 3 - 5 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 6, *блыщхьэ*

♦**Зыужьыныгъэмрэ мамырыгъэмрэ яхуэлажьэ спортым и дунейпсо махуэщ**

♦**УФ-м и МВД-м и следственнэ органхэм я лэжьакІуэхэм я махуэщ**

♦**Къыргызыым щагъэлъапІэ физкультурэмрэ спортымрэ я махуэр**

♦1896 гъэм Афинхэм яп Олимп Джэгухэр кьыщызэІуахауэ щытащ.

♦1930 гъэм Ленин, Вагъуэ Плъыжь орденхэр кьащтащ.

♦Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, Акмеологие щІэныгъэхэм я академиеу Санкт-Петербург щІэм и действительнэ член **Бэчыжь Мухътар** и ныбжьыр илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Дирижёр, композитор, УФ-ми Къалмыкъ Республикэм я цІыхубэ артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Темыркъан Борис** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, Адыгэ къэрал университетым и профессор **Бырсыр Батырбий** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦КъШР-м и цІыхубэ усакІуэ **АбытІэ Хъызыр** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Психологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Къабардэ Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор КъБКъУ-м и профессор **Хъуэкіуэн Мурат** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу..

♦Адыгей тхакІуэ **Джэш Рахьмэт** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 7 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Лэжьыгъэмкіэ законодательствэр зэрагъэзащІэм кІэлъоплъ

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэІущІэм республикэ закон зыбжанэм я проектхэм щыхэплъащ. Абыхэм ящыщ зыщ «Лэжьыгъэмкіэ законодательствэр, лэжьапІэ ІэнатІэхэм я кьыдзэгъэщыкІэм хиубыдэ мардэхэр зыхэт адрей хабзэхэр зэрагъэзащІэр къэпщытэным хуэгъэза ведомствэ кІэлъыплъынымрэ ІуэхукІэ» законопроектыр. Ар ягъэхьэзыращ УФ-м Лэжьыгъэмкіэ и кодексым и 353.1-нэ статьям ипкъ иткІэ икІи а законопроектым еубзыху гъэзэщІакІуэ властым и органхэмрэ щыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэмра я унафэм щІэт организацэхэм лэжьыгъэмкІэ хуитыныгъэхэр кьыдзрызэрагъэпэщыным зэрыкІэлъыплъ щыкІэр. Апхуэдэ кІэлъыплъыныгъэр планым тегу, апхуэдэу, хуей щыхъуи деж, пІалъэ пыуухьІкІам темыщІыхьауэ кьыдзрагъэпэщ. ПІалъэ пыуухьІкІам темыту къэпщытэныгъэр щрагъэкІуэкІыр лэжьыгъэмкіэ законодательствэр кьыдзрызэрапаудым теухуа тхьэусыхафэ зыхуэфащэ уполномочённэ органым кьыІэрыхьамэщ, нэхъ апэкІэ кьыщІагъэщауэ щыта ныкъусаныгъэхэр зэрагъэзэкІуэжам теухуа отчет унафэщыным и зэманым къыммытамэщ.

Федеральнэ законодательствэм зэрырагъэзэгъэжьым кьыхэкІыу «ЦІыхухэмрэ щыналъэхэмрэ щыуэпсым и щытыкІэм е техникэр кьыдзрагъэсэбэпым кьыхэкІыу къэхъуа кьыдзрымыкІуэ щытыкІэхэм ящыхьумэным и Іуэхукіэ» законопроектым хэплъащ.

Апхуэдэу депутатхэр тепсэлъыхьыжащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэхэм (тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я фэеплъхэм) я Іуэхукіэ» КъБР-м и Законми. Абы дыщІагъужащ КъБР-м и къэрал властым щэнхабзэм и хъугъуэфІыгъуэхэр хъумэныкІэ, къэгъэсэбэпыныкІэ, хэІущІыУ щыныкІэ полномочиехэр зиІэ и органым мы ІэнатІэм и лъэныкъуэкІэ кьыбгъэдэхуэ къалэн пыухыкІахэр зыубзыху статья щхьэхуэ.

А махуэм зыхэплъа документ посри депутатхэмрэ Іуэхум кьеГъэщІылІа органхэмрэ елэжьын папщІэ хуагъэхьащ.

Апхуэдэу Президиумым и зэІущІэм щытепсэлъыхьащ федеральнэ закон щхьэхуэхэм я проектхэр кьаазэрыщыхъуам теухуауэ нэгъуэщІ щыналъэхэм я парламентархэм кьаГъэхьа тхыгъэхэм, агропромышленнэ комплексым папщІэ ІэщІагъэлІэхэр зэрагъэзэкІуэжам, ипотекэ кредитым теухуа жэрдэмхэм, «Ветеранхэм я Іуэхукіэ» Федеральнэ законым хэлъхьапхъэу кьалъытэ зэхъуэкІыныгъэхэм.

Депутатхэм унафэ кьащтащ егъэджэныгъэм и ІэнатІэм екъулІэныгъэ инхэр зэрыщІэм папщІэ математикэмкІэ егъэджакІуэ Джауруджий ФатІимэ Исуп и пхъум, психологиемрэ педагогикэмкІэ егъэджакІуэ Мэремкъуэ Риммэ Къанщобий и пхъум, адыгэбзэмрэ литературэмкІэ егъэджакІуэ Тэнащ Тамарэ Малил и пхъум КъБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхылъыр етыным теухуауэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1аІ1э.

● Бахъсэн щІыналъэ

Мылъку зэхэлъкІэ яухуэ

Бахъсэн районым и еджапІэхэм спорт уэхуэныгъэщІэу тху щатащ. Абыхэм хуэхаха сом мелуани 4-рэ мин 486-м щыщу мин 374-м щІигъур щыпІэ бюджетым ейщ.

ВОЛЕЙБОЛ, футбол джэгупІэхэр, кьэжапІэхэр, къэлъапІэхэр, гимнастикэм кьыщагъэсэбэп щыІэ Іэмэпсымэхэр (снарядхэр) ХьэтІохъущькъуей, Куба, Бахъсэненкэ, Псыхъурей къуажэхэм я курыт школхэм, Кьулъкъужьи Ипщэм и еджапІэ №2-м я пщІантІэхэм щауху щащ.

Бюджетым щымыщ мылькІэ къащІэхунуро, Жанхъуэтекъуэ, Кьулъкъужьи Ищхъэрэ къуажэхэм я школ пщІантІэхэми апхуэдэ Іэмэпсымэхэр мыгувэу щагъэувынущ.

Бахъсэн муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущ1аІ1э.

Дызэрыт мазэм щэбэт щІыхьэхуу тІу щыІэнущ

Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм унафэ кьищтащ къалэр зэІуэпэщ щІыныпэ гъэкъэбзэныпэ яхуэгъэза щэбэт щыхьэхуэхэр егъэкІуэкІыным теухуауэ. Ахэр кьыІэрагъэпэщынущ мэлыжьыхьым и 11, 15 щэбэт махуэхэм.

ЩІыхьэхуэхэм зыхуэгъэхьэзырынымрэ лэжьыгъэхэр зэщІэгъэуІуауэ егъэкІуэкІыныкІэ пщэрылъ щащІащ мы Іуэхум егъэщІылІа къалэ штабым. Министерствэхэм, ведомствэхэм, организацэхэмрэ Іуэхущ1аІ1эхэмрэ чэнджэщ иратащ езыхэм я унафэм щІэтхэр щІыхьэхуэхэм нэхъ жьыджэру къыхашэну.

● ФщІэн папщІэ

Дадэ ХьэмытІэ теухуауэ

Дадэхэ къахэкІащ зи гуащІэкІэ, лІыгъэкІэ, щІэныгъэкІэ, акъылкІэ лъэпкъыр зыгъэдахэу дунейм тета щІыху гъуэзэджэхэр. Абыхэм ящыщщ нартыхуГъэкІ цІэрыІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь Дадэ ХьэмытІэ Іэубэчыр и къуэр. И щІалэгъуэм къыщыщІэдзауэ лІыпІэ иуфэху и дуней тетыкІэкІи, лэжьэкІэкІи, цІыхугъэкІи абы игъэпэжащ и Хэкумрэ къызыхэкІа лъэпкъымрэ.

ЦІЫХУР щынасыпыфІэр езым и гум дыхьэ Іуэху гуэрым кьехьулІэу щелэжьырщ. Дадэ ХьэмытІи насыпыфІэу къэпльытэ хъунущ, сыту жьыІэмэ, ар гупыр зэуІуу зыгъэлэжьэф унафэщІт, колхозэхтэми, езы мэкъумэш ІэнатІэми, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ псоми я пщІэм хигъахьуэ зэпытт.

Куэдым ящІэж Дадэ ХьэмытІэ зы гектарым зуэзэу нартыху центнери 100 гъэ къэс кьитрихьыфу зэрыщытар. Апхуэдэ зэфІэкІхэр кьыІэригъэлъэгъуам кьэрал дамыгъэ лъапІэхэр кьыпэкІуащ.

Дадэ ХьэмытІэ и Іащ1эмрэ и Іуэхущ1афэхэмрэ къызыхэщыж тхыгъэ, гукъэкІыж гъэщІэгъэнхэм щІэджыкІакІуэхэм щыгъуазэ зыщыф-щІыфынущ ди нобэрей газетым напэкІуэцІ 12 хъуэ щыгъуэ кьыдэкІыгъуэ щхьэхуэм.

Мэлыжьыхьым и 4, *щэбэт*

♦**Лагъымым кьыпкърыкІ шынагъуэмрэ щІым а Іэщэ лІэужьыгъуэр къыхэхьыжьынымрэ ятеухуа щІэныгъэ цІыхухэм етыным и дунейпсо махуэщ**

♦1933 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхакІуэхэм я оргбюро къызэрагъэпэщащ.

♦1945 гъэм Дзэ Плъыжьым Венгриер хуищІ къыщІыжащ.

♦Къэрал къулыкъущІэ, Абхъаз Республикэм и етІуанэ президенту щыта, АР-м и ПІыхъужь **Бэгъэпщ Сергей** къызэралъхурэ илъэс 66-рэ ирокъу.

♦УсакІуэ, Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Емыжь МулиІэт** къыщалъхуа махуэщ.

♦Философие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м цІыхухэм щІэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтын и ІэнатІэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъБКъУ-м и проректор **Къумыкъу Іэуес** и ныбжьыр илъэс 49-рэ ирокъу.

♦Дунейм бэнэкІэ хуитыныкІэ и чемпион **Нартокъуэ Аслъэн** и ныбжьыр илъэс 35-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэзых тІэкІу кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 9, жэщым градуси 2 - 5 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 5, *тхьэмахуэ*

♦**Геологым и махуэщ**

♦**КъалмыкъРеспубликэм и Конституцэм и махуэщ**

♦**Къзэзахъстаным Іэпхъуэшапхъуэ Іуэхуэр зи нэІэ щІэт и полицэм и махуэщ**

♦**Корее Ипщэм щагъэлъапІэ жыгэр хэсэным и махуэр**

♦1241 гъэм Невский Александр и дзэм Чудскэ гуэлым и дежи нэмыцэдзэр щыІэтрикъутащ.

♦1905 гъэм Алъхъуэй (Курп Ищхъэрэ) кьуажэм и мэкъумэщІыщІэхэм зыкъаІэтащ.

♦1943 гъэм ВКП(б)-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и бюром унафэ кьищтащ Бахъсэн ГЭС-р зэфІэгъэувжьыным теухуауэ.

1943 гъэм Налшык дэт дагъэ завод №1-р зэфІагъэувэжащ.

♦Бзэщ1эныгъэл1, филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик **ПІаз Сергей** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

♦ Инженер-ухуакІуэ, КъБР-м и Парламентым и депутату щыта **Сокъур Олег** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэзых тІэкІу кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 5 - 10, жэщым градуси 3 - 5 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 6, *блыщхьэ*

♦**Зыужьыныгъэмрэ мамырыгъэмрэ яхуэлажьэ спортым и дунейпсо махуэщ**

♦**УФ-м и МВД-м и следственнэ органхэм я лэжьакІуэхэм я махуэщ**

♦**Къыргызыым щагъэлъапІэ физкультурэмрэ спортымрэ я махуэр**

♦1896 гъэм Афинхэм яп Олимп Джэгухэр кьыщызэІуахауэ щытащ.

♦1930 гъэм Ленин, Вагъуэ Плъыжь орденхэр кьащтащ.

♦Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, Акмеологие щІэныгъэхэм я академиеу Санкт-Петербург щІэм и действительнэ член **Бэчыжь Мухътар** и ныбжьыр илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Дирижёр, композитор, УФ-ми Къалмыкъ Республикэм я цІыхубэ артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Темыркъан Борис** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, Адыгэ къэрал университетым и профессор **Бырсыр Батырбий** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦КъШР-м и цІыхубэ усакІуэ **АбытІэ Хъызыр** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Психологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Къабардэ Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор КъБКъУ-м и профессор **Хъуэкіуэн Мурат** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу..

♦Адыгей тхакІуэ **Джэш Рахьмэт** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 7 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Къуалэр лы щигъуэтым щохуарзэ, уэркъыжьыр былым щигъуэтым щопсых.

● «Адыгэ псалъэр» кьыхьызох

Адыгэхэм хуэдэкъым зытеукІытыхьыр

Жылагъуэм дежкІэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм я мыхьэнэр инщ. Ахэр цІыхубэм я нэщ, я гъуаэзщ, узыхуейрамэ, куэдым я Іуэху еплъыкІэр абыхэм нубзыхуи яхуэзфІокІ. ЗэрытщІэщи, щІэупщІэ зиІэрщ пщІэ зыгъуэтыр, нтІэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэм и пщІэр ар зи Іэщ1агъэхэм кьалэжьыжащ. Журналистхэр зыкъыбархэмкІэ, Іуэху еплъыкІэхэмкІэ кьыддогуашэ. Куэдрэ кьохьу ахэр зауэ ІэнатІэ Іухьэн, я псэ емыблэжу кьэхъукъащІэхэм яужь итын хуей щыхъу. Хэт зымыщІэр ахэр я Іэщ1агъэм зэрыхуэпэжьм, ерыщу зэрылажьэм и зэран зэкІахэри зэрыщыІэр? ЖылпІэ хъуну кьызолъытэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэм пэрытхэр жылагъуэмрэ властымрэ я дэлэлу. Жылагъуэм я гукъеуэр, зэфІэмыхьэныгъэхэр кьэрал кьулыкъущІапІэм щыІэхэм лъагъэІэс, властым цІыхубэм щхьэкІэ ялажьхэр жылагъуэм я деж нэзыхьэсыр журналистхэращ.

ПЭЖЩ, иджыкІэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэр куэд хъуащи, жылагъуэр хъыбарыншэу кьанэу пхужьІэнкъым, ауэ абы и фІыпІэр, пэжыпІэр кьыхэпкъуэзыкІынри тІыншкъым. Дзыхь зыхуэпщІхъунмрэ мыхъунумрэ пхузэхэмыгъэкІмэ, гугъу уехьынущ. Абы щхьэкІэ Іэмал имыІэу щыткъым хъыбарегъащІэ зыбжанэм кьаІуатэр зэхуэбгъадэу ущысын хуейуэ, си щхьэкІэ «Адыгэ псалъэ» пІалъэ газетыр илъэс куэд щІауэ си Іэпэгъуу сыкъокІуэкІри, хуабжьу сотынщ. Ар си хъыбарегъащІэм кьищынэмыщІауэ, щІэгъэкъуэнщ, чэнджэщэгъуэщ, си тегъэупІэщ. Ящыныкъуэ газетхэр лъэныкъуабэу, тхыгъэ зэфэхэщІэ дэни кьыщыбгъуэт хъыбархэмкІэ гъэнщІамэ, «Адыгэ псалъэм» кьыдэкІыгъуэ къэс щІэщыгъагъкІэ уетхьэкъу. НэхъыщІэ дыдэм деж щегъэжьауэ, тхьэмадэ жьакІэхэхэм я деж щицухьжу ныбжь псоми я ныбжьэгъущ ар. Политикэ, экономикэ, щэнхабзэ, гъуэзджэ, спорт, литературэ, тхыдэ - куэд мэхъу ар зытет-хьхьыр, зым димыкьэхьыр Іэмал имыІэу адрейм дихьэхынущ. Газетым и фІыпІэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ ар анэдэлъхубзэ кьабзэкІэ кьызэрыдзэкІыр. Си щхьэкІэ адыгэу зыкъэзэыльытэж дэтхэнэми ар и унагъуэ илъын хуейуэ кьызоІуэтэ, ар зыхуэзгъадэр, уадыгэу, лъэпкъ хабзэхэр Іумпэм пщІынырщ. Пэжщ, иджыблагъэ абы и уасэм зэрыхэхъуар щхьэусыгъуэ зыщІхэри щыІэщ, ауэ ар щхьэусыгъуэ хуейхэм щІэгъэкъуэн яхуэхъуэу аркъудейщ. Уасэм, пэжу, хуэдитІкІэ хэхъуащ, ауэ унагъуэ кьызэрыгъэкІым хуэзфІэмыкІын хуэдизкъым. ЦІыхухэм я дунейпсо хабзэщ кьызыхэкІар зэзымыпэсыжыр цІыхугъэншэу кьэлъытэныр, атІэ сытым хуеІэу пІэрэ мыурысмыадыгэу кьэнахэр? Абыхэм яжесІэнур зыщ - адыгэхэм хуэдэкъым зытеукІытыхьыр!

Кьыхэзгъэщыну сыхуейт газетым и нэкІубгъу щхьэхуэхэм дазэрыщыгуфІыкІыр. «Малъхъэдис», «Си еджапІэ - си кьежьапІэ», «Ислъамым и нур», «Махуэку», «Узыншагъэ», «Щыхулъагъуэ» - ГъащІэм и лъэныкъуэ куэдым нэ жанкІэ кІэлъыплъ журналистхэм кьытхуэщхьэпэну зы Іуэхугъуи гулъытэншэ ящІыркъым. Нэ жан уиІэн хуейкъым абыхэм я ІэщІагъэр фІыуэ зэралъагъум гу лъыптэн папщІэ, адрей газетыр лъагъуГъуафІэ зыщІыр. «Зи пашэ хъупхъэм и Іуэху йофІакІуэ», - жиІауэ щытащ ПащІэ Бэчмырзэ, газетым бгъэдэлъ фІагъ псори хэзылъхьэр гууз-лыуз иІэу илъэс куэд щІауэ лъэпкъым хуэлажьэ Хьэфыщ1э Мухьэмэдщ. Тхьэм хущІигъэхьэ!

ЩОМАХУЭ Хьэзрэт.

Тэрч щыналъэ, Инарыкъуей къуажэ.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм эщщи махуэми щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІащІэгъуэкІэ цІыхухэр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32**.

Хужьокъуэ А. А. жылагъуэ лIыкIуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и судыщIэхэм IэщIагъэмкIэ я коллегием хэгъэхьэным и Iуэхукъ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Урысей Федерацэм и судыщIэ IэнатIэм и органхэм я Iуэхукъ» Федеральнэ Законым и 11-нэ статьям и пункт 6-м, «Жылагъуэ лIыкIуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и судыщIэхэм IэщIагъэмкIэ я коллегием зэрыхагъэхьэ щIыкIэм и Iуэхукъ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 3-нэ статьям ящ1ъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щIы**:

1. **Хужьокъуэ Арсен Анатолий и къуэр** - жылагъуэ лIыкIуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и судыщIэхэм IэщIагъэмкIэ я коллегием хэгъэхьэн а коллегием и полномочиехэм я пIалъэм къриубыдэу хэтыну.

2. Мы Унафэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и судыщIэхэм IэщIагъэмкIэ я коллегием хуегъэхьын.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2015 гъэм гъатхэпэм и 26-м
№207-П-П

Юсупов А. Хь. жылагъуэ лIыкIуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и судыщIэхэм IэщIагъэмкIэ я коллегием хэгъэхьэным и Iуэхукъ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Урысей Федерацэм и судыщIэ IэнатIэм и органхэм я Iуэхукъ» Федеральнэ Законым и 11-нэ статьям и пункт 6-м, «Жылагъуэ лIыкIуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и судыщIэхэм IэщIагъэмкIэ я коллегием зэрыхагъэхьэ щIыкIэм и Iуэхукъ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 3-нэ статьям ящ1ъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щIы**:

1. **Юсупов Аслъэн Хьэбибуллэхь и къуэр** жылагъуэ лIыкIуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и судыщIэхэм IэщIагъэмкIэ я коллегием хэгъэхьэн а коллегием и полномочиехэм я пIалъэм къриубыдэу хэтыну.

2. Мы Унафэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и судыщIэхэм IэщIагъэмкIэ я коллегием хуегъэхьын.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2015 гъэм гъатхэпэм и 26-м
№208-П-П

Кулиевэ Марьям Сергей и пхъур Налшык суд районым и суд участкэ №98-м зэзыгъэкIуж и судыщIэм и къулыкъым гъэувыным и Iуэхукъ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117-нэ статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэхэм я Iуэхукъ», Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ статьям ящ1ъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щIы**:

1. **Кулиевэ Марьям Сергей и пхъур** Налшык суд районым и суд участкэ №98-м зэзыгъэкIуж и судыщIэм и къулыкъым ильэситху пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2015 гъэм гъатхэпэм и 26-м
№210-П-П

• Хъыбар гуапэ

ЖыгыщIэхэр хасэнущ, узыншагъэр къапщытэнущ

Мэлыжьыхьым и 7-м. Узыншагъэр хъумэным и дунейпсо махуэм, республикэм и медицинэ лэжьакIуэхэм жыгыщIэу мин 20-м щIигъу хасэнущ. А Iуэхур хуэгъэпсащ 2015 гъэр Гу-лъэнтхуэ узыфэхэм ящ1ыIэтыным и илъэсу зэрагъэувам.

АМАХУЭМ апхуэдэ Iуэхугъуэр республикэм и район псоми щекIуэкIынущ. Налшык къалэ Iуэху щхьэпэм къыщыщIадзэнущ Дубки хьэблэм Щ1ыхьым и утым дэк сыхьэти 10-м. Абдеж медицинэм и лэжьакIуэхэм жыгей плъыжьу 50 щыхасэнущ. Iуэхур щIадзэным и пэ къихуэу, Олимп чемпион, КъБР-м спортымкIэ и министр Хъущт Аслъэнбэч республикэм и спортмен цIэрыIуэ гуп и гъусэу, жыгыщIэ хэзысэнухэм я Iэпкъльэпкъым зригъэукъуэдиинущ.

- Узыншагъэр хъумэныкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэм къызэригъэльагъэмкIэ, цIыхухэр нэхъыбэрэ зыгъэсымаджэхэм икIи зэрыплIакIэм ящыщыщ гу-лъэнтхуэ узыфэхэр. Къыхэтлъхьа Iуэхугъуэр хуэунэтIащ а узыфэм теухуауэ цIыхухэм нэхъыбэ егъащIэным, ар къоуэлIамэ, ятIуэ узыхуэныкIуэр дэIэпыкъунГъэхэр зыхуэдэм. БлэкIа ильэсым ди республикэм щыщу гу-лъэнтхуэ узыфэхэм игъэсымаджэхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ тщIын тхуэзэфIэкIащ, иджы, зыIэрыдгъэхьа екъуэлIэныгъэм хэдгъэхъуэу, Iуэхум адэкIи пытщэн хуейщ. Абы папщIэ инсультым, инфарктым уп1щIэтыным и Iэмал нэхъыщхьэр уи узыншагъэм ухуэсакъыу укIэлъплъыжьныраУз зэрыщытыр цIыхухэм тэмэму къагурыдгъэIуэн хуейщ, - жиIащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и кIуэдзэ – узыншагъэр хъумэныкIэ министр Шэт Ирмэ.

Гу-лъэнтхуэ узыфэхэм я1пщIэтыным и илъэсым хьыбэу а махуэм къызэрагъэпэщынущ «Узыншагъэр хъумэ!» Iуэхурн. Щ1ыхьым и утым дэк къыщызэрагъэпэщынущ экспресс-диагностикэмкIэ пунктхэр, ягъэIэпхъуэ диагностикэ модуль я1гъэувынущ, гупыж зыщ1 дэтхэнэ зыми и узыншагъэр абдеж къыщипщытэфынущ, дохутырхэм я чэнджэщ щедэIуэфынущ. Диагностикэ модулыр ма хуищIкIэ лжьэнэущ, сыхьэти 9-м щегъэжьауэ сыхьэт 14-м нэсыху абы дэтхэнэ зыри екIуалIэ хъунущ.

Iуэху щхьэпэм и къызэрэгъэпэщкIуэщ КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкIэ, СпортымкIэ, ЩэнхабзэмкIэ я министерствэхэр, Налшык къалэ администрацэр, район администрацэхэр, Кардиологие центрыр, Лъынтхуэ узыфэхэм щеIэзэ щIыналъэ центрыр, Медико-чэнджэщ диагностикэ чэнджэщ центрыр, «Призвание» медицинэ колледжыр.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэ.

• Зэпеуэхэр

Щ1ыналъэм и ныбжьыщIэхэр пашэ мэхъу

«Къэббалъкъэнерго» ОАО-м и лэжьакIуэхэм я быныху Лъэнкlэпlашэ Муратрэ Унэж Бердрэ пашэ щ1ыхъуащ сурэт щ1ыныкIэ «Россети»: рисуют дети!» урысейпсо зэпеуэм.

ХАБЗЭ хъуауэ, Iуэхущ1анIэр къыщ1ызэIуаха махуэм ирихьэлIэу ирагъэкIуэкI зэпеуэр мы гъэм къызэрагъэпэщащ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 70 зэрырикъум и щIыхькIэ. Абы хэтащ къэралым и щIыналъэ зэхуэмыдэхэм щыщу «Россети» Iуэхущ1анIэм и лэжьакIуэхэм я быни 100-м щIигъу, илъэси 5-м къыщыщ1адзауэ илъэс 14 зи ныбжьхэр.

Зэпеуэм лэжьыгъэхэр унэтIныгъэщ1ым - «Нет в России семьи такой, где не памятен был свой герой», «Россети» - большая семья», «Мир энергетики» - хьыхьу яг1эхьащ1 икIи абыхэм Iыхьи1тIым щ1ихэплъащ. Зэхьэзэхуэм хэтахэр я ныбжьым елъытауэ, гупищу яг1эшат. Абы и кIэух Iыхьэу Москва щекIуэкIам илъэсибгъу зи ныбжь Лъэнкlэпlашэ Мурат «Россети» - большая семья» унэтIныгъэм игъэхьа сурэтым етIуанэ увыпIэр къыщ1ыхуагъэфэщащ. Илъэсипщ1 хъу Унэж Берд «Нет в России семьи такой, где не памятен был свой герой» унэтIныгъэм хьыхэ и лэжьыгъэм ещанэ увыпIэр лъагъэсащ.

Зэпеуэр къыхэзыльхьаxэм яг1эува хабзэм тету, дэтхэнэ зи сурэтми щ1ыгъуащ лэжьыгъэр зи Iэдакъэ къыщ1ыкIамрэ абы къыщыгъэльэгъуамрэ ухэзыгъэгъуазэ тхыгъэ кIэщ1.

- Урысейм и дэтхэнэ зы унагъуэми Хэку зауэшхуэр лъэIэсащ. Си анэшхуэм и адэ КIэщт Мухтарр Льостэн и къуэр 1942 гъэм мазаем зауэм кIуащ, ятIэ Украин фронтым и 955-нэ фочауэ полкым и ятIэ батальоным и санитар взводым хэту. Ар тIэу уIэгъэ хъуащ – 1942 гъэм мэкъуауэгъуэм и 23-мрэ 1943 гъэм мэкъуауэгъуэм и 28-мрэ. Абы къыхуагъэфэщащ Хэку зауэ орденым и ятIэ, етIуанэ нагъыщэкIэ, «Зэрихьа хахуагъэм папщIэ», «Зэрихьа лIыгъэм папщIэ», «Кенигсберг къызэращтам папщIэ» медалхэр. Си адэшхуэм и адэр ТекIуэныгъэм Берлин щыIущIащ. Мы дэфтэрхэр си анэмрэ сэрэ архивым къыщыдгъэтыжащ. Зэи сщыгъупщэнукъым ветеранэм мамыр гъащIэм папщIэ зэрахьа лIыгъэр», - кIэщIитхащ Унэж Берд и сурэтым.

КъэпщытакIуэ гупым хэтхэм гулъытэншэу къагъэнакъым ЛъэнкlэпlашэМурат и лэжьыгъэм триуха тхыгъэ кIэщIри. «Мы сурэтым зэшIыхьу зыбжанэ щыболIагъу. Ахэр зэгурыIуэу мэпсэу икIи гуапагъэрэ нэхугъэрэ къабгъдокI».

Зэпеуэм щытекIуакIэмрэ абы и лауреатхэмрэ «Россети» Iуэхущ1анIэм и щIыхь тхыльхэмрэ саугъэт лъапIэхэмрэ хуагъэфэщэнущ ТекIуэныгъэ Иныр щагъэлъапIэ мазхушхуэм ирихьэлIэу.

- «Къэббалъкъэнерго» ОАО-м и лэжьакIуэхэр ныбжьыщIэхэм йохьэхъу я лэжьыгъэхэм къапэкIуа екъулIэныгъэм папщIэ!

ДЖЭДГЪАВЭ Татьянэ.

• Тхылъыщ1э

Балъкъэр Селджук и тыгъэ

Истамбыл къалэм и «Мейдан» тхылъ тедзапIэм иджыблагъэ къыщыдэкIащ «Нартэхэр - Нэтэрхэр - Анунакихэр» тхылъыр. Ар и Iэдакъэщ1экIщ щ1эныгъэлI, Iуэрыl1уатэдж, Тыркум хьихьэ Ван къалэм щыIэ университетым и егъэджакIуэ Балъкъэр Селджук.

IЫХЬИ 10-у зэхэт, напэкIуэц1 202-рэ хъу къыдэкIыгъуэр ар зи Iэдакъэщ1экIым и анэдэлхубзэкIэ, адыгэбзэкIэ дунейм ихьэтхащ.

Тхылъыр къыдэзыгъэкIам къалэн нэхъыщхьэу зыхуигъэувыжар пасэрей алыджхэм, мысырхэм, шумерхэм я Iуэрыl1уатэмрэ нарт эпосымрэ зэгъэпщэнырщ, абыхэм я лъабжьэр къыщежьэр хэхуэтэнырщ, зэщхьу яхэлъыр гъэбелджылыныщ. Мыпхуэдэ къэхутэныгъэ лжьэныгъэ иджы ятIэ ирагъэкIуэкIыу аращ. Адыгэ Iуэрыl1уатэм зиужьныныкIэ абы мыхьэнэшхуэ и1эщ. Къыхэгъэщ1апхъэщ1 щ1эныгъэ зэхэтэныгъэр зи лъабжьэ тхылъыр бзэ шэрыуэкIэ зэрытхар икIи еджэгуафIэу зэрыщытыр.

Адыгэхэм я щэнхабзэм, тхылъэм теухуауэ щ1эныгъэр зи лъабжьэ хъыбар куэд щ1ызэхуэхьэса къыдэкIыгъуэр Селджук Кавказым щыпсэу и лъэпкъэгъуэм яхуищ1 тыгъэщ.

Тхылъым и кIэухым къигъэсэбэпауэ къыщыгъэльэгъуэуа литературэр щ1ыхьэт тохъуэ зыхуигъэувыжа къалэным Балъкъэрыр куууэ зэрызыщигъэгъуэзар. Ар яхуэгъэзащ литературэм елэжь щ1эныгъэлIэхэм, гуманитар еджапIэ нэхъыщхьэхэм я студентхэм, магистрантхэм, аспирантхэм, апхуэдэу лъэпкъ Iуэрыl1уатэм дихьэх псоми.

Балъкъэр Селджук и къэхутэныгъэ гъэжьыгъэр фэеплъ хуищIащ илъэс зыбжанэ и пэкIэ щ1эпхъаджащ1эхэм я1щ1экIуэда, щ1эныгъэлI, жылагъуэ лэжьакIуэ ц1эрыIуэ, адыгэ Iуэрыl1уатэр зыхуэзэщ1эсэжьа, Iьэпкъ хабзэм и хъумакIуэу щыта, профессор ЦIыпIэнэ Аслъэн.

Тхылъыр къыщыбгъуэтынущ КъБР-м и Лъэпкъ библиотекэм, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и библиотекэм.

БАКЪ Зерэ, *КъБКъУ-м и профессор.*

• Пшыхьхэр

Гъатхэпежьэ

Хабзэ хъуауэ, «Жан» республикэ зэгухьэныгъэм гъэм и теплъэгъуэхэм я1теухуауэ къызэригъэпэщ уэсэ пшыхь гуапэхэм щыпащащ Сэралъп Мадинэ и Артцентрым.

СЫТ щыгъуи хуэдэу, гъэм и зэман зэблэкIыгъуэхэм деж къызэрагъэпэщ пшыхьым кърихьэлIащ уэсэ фIыуэ зыпылъыжьыр. Гуапэщ абы Зэрэгъыж къуажэм и еджакIуэхэри зэрыхэтар.

Зэхыхьэр ирагъэкIуэкIащ «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ, «Жан» зэгухьэныгъэм и унафэщ1, усакIуэ **Къаныкъуэ Заринэрэ** профсоюзхэм Щэнхабзэмкlэ я унэм и режиссёр нэхъыщхьэ **Гумэ Маринэрэ**. Усыгъэм и дунейпсо махуэмрэ адыгэхэм я илъэсыщ1эмрэ иригъэкIуэ пшыхьэр зэхэзэрыщ1экIащ къальыгъэри, зэхуэсахэм ехъуэхъущ1. Гъэр яхуэмэхуэну, уэсэм дихьэхэм, адыгэбзэр езыгъэфIакIуэхэм я бжыгъэм къыхэхъуэну. Утыкум ирагъэблагъащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, режиссёр, журналист цIэрыIуэ Iусейн Олег.

Гъэм щидахэгъуэ, гурыщIэхэр къыщыуш, дунейм щIэрэщIэгъуэ гъатхэм ирихьэлIэу псэгъэгуфIэдахагъэ зыхьэпъ уэсэхэм щIэрэзыпыным хуэпIащIэу зэхуэсахэм я гу дыхьэнтэкъэ Iусейн Олег къызэджэжэр?! Усыгъэр фIыуэ зыльагъуэхэм «я псы хуэлIэр» иригъэкIащ «Пащтыхь Лир» пьесэм щыщ пычыгъэхуэу, Ацкъан Руслан, Щ1ощ1энц1ыкIу Iэдэм, Iутlыж Борис, Махуэлl Нарзан, Кунъыжь Хьэ1ишэт, Балъкъэр Фоусэт, Мыжей Мамыржан сымэ гъатхэм, лъагъунэгъэм, щIыуэпсым, гъащIэм, дахагъэм ятеуауэ я уэсэхэу Олег къызэджэхэм.

Iусейнрэ щхьэхуэу къытеувIащ драматург, усакIуэ Iэзэ Бещтокъуэ Хьэбас Шекспир и «Пащтыхь Лир» пьесэр адыгэбзэкIэ зэрызэридзэкIам. Къэпсэльахэм къыхагъэщащ Бещтокъуэм ар къызэрехъулIар.

Зэхыхьэр гуапэу, гукъынэжу екIуэкIащ. Усэ пшыхьым екIуэлIахэм Iусейн Олег иджыри зэ1ыхьащ1эщ адыгэбзэм и дахагъэр, и кущагъэр, и къулеягъыр, дызэрыгушхуэ усакIуэхэм я Iэдакъэ къыщ1экIа тхыгъэхэм гупсысэ куу, купщIэ зэрахьэлъыр.

Къаныкъуэ Заринэрэ Гумэ Маринэрэ пшыхьыр зыгъэдэха, сыхьэтитIым нэблагъэкIэ усэ кьеджа Iусейн Олег къаузрыуеблэгъам папщIэ фIыщIэ хуащIащ, и Iэзагъэмрэ и Iэщ1агъэмрэ я хъер ильаГъуну екъуэхъущ1. Зэхуэсахэм я нэгум къыщыкIуэ усэм кьарита гупсэхугъуэмрэ гукъыдэжьмрэ. Гъатхэм гуапэу пежьахэм гъэмахуэр зэхуэпIалъэу зэбрыкIыжащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтыр **Шыбзыхъуэ Астемыр** *трихащ.*



Iусейн Олег усэ къеджэ.

• Банк Iуэхуэр

ЩхьэщатыкIыпхъэр ягъэмащIэ

ХъумапIэ банкым и вице-президент - бизнес цIыкIум зегъэужьныныкIэ къудамэм и унафэщ1 Шаров Андрей пресс-конференцым зэрыщыжиIамкIэ, бизнес мащIэм хухах щIыхуэм щхьэщатыкIыпхъэр 2015 гъэм гъатхэпэм и 23-м щегъэжьауэ ягъэмэщIащ.

ПСАЛЪЭМ папщIэ, зэрагъэкIуэн мурадкIэ сом мелуани 5 илъэс пIалъэкIэ кредиту къыщатэмэ, абы текъым процентти 2, илъэситкIэ кIыхьэм хуэзэм процент 1,7-рэ хукIэрагъэху. Инвестицэ Iуэхум илъэситкIэ пIалъэкIэ щIыхуэу хухах сом мелуан 15-м щхьэщатыкIыпхъэр процент 1,2-кIэ ирагъэхащ.

Шаров Андрей къызэригъэлъэгъуамкIэ, бизнесым и щIэгъэкъуэн къэрал программэхэм ХъумапIэ банкыр жыджэру хэтщ. Апхуэдизу, къапщтэмэ, кредитхэм я щэсыпIэ агентствэм зэрыдзажьэр. А Iэмалым тету, бизнес мыиныкIэ нэхъ мащIэжьмрэ хэтхэм къащтэ щIыхуэм техьэр, пIалъэхэм ятещIыхьауэ, процент 0,5 - 1 - кIэ, ХъумапIэ банкым и Кредит фабрикэ проектыщIэмкIэ къыIахьым хуэзэр проценти 4-м нэскIэ хуагъэмащIэ. АКГ-м и щэсыпIэхэм я программмэр къызэрыхалъхьэ пьандэрэ сом мелуан 505-м пэкIуэ кредиту 138-рэ ятащ (щэсыпIэхэр сом мелуан 264-рэ мэхъу).

ХъумапIэ банкым и мурадщ 2015 гъэм бизнес цIыкIумрэ курытымрэ апхуэдэ щIыкIэкIэ сом мелард 60-м щIигъу яхухихыну. Банкым къыхилъхьар АКГ-м зэрыдиыгъам и фIыгъэкIэ, хьэрычэтыщIэ Iэнатlэ мыинхэмрэ курытхэмрэ зэрагъэкIун хьисэпкIэ къащтэ щIыхуэхэм щэсыпIэ ягъэтынущ.

- ХъумапIэ банкым куэд щIауэ бизнес цIыкIум гулытэ хэха хуещI. Компание мыинхэм нэхъ афIэкъабылыр илъэс къэс зэрыдджым кърикIуэм тетщIыхьмэ, ди зэпыщIэныгъэхэм нэгъабэ зэхъуэкIыныгъэ нэрылъагъуэ яг1эуэтащ. Абы и щIыхьэтщ дызыдэлажьэхэм я бжыгъэм гъэкIуам мини 130-рэ кьаэрыскъэхъуар,- кьыхиугъэщащ Шаров Андрей.

Урысейм и ХъумапIэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

• Щ1ыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэ

УзыгъэгуфIэ бжыгъэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым Щ1ыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм къызэритымкIэ, 2014 гъэм щIым къыщIаха хъугъуэфIыгъуэхэм пэкIуэу республикэм и бюджетым сом мелуани 9-рэ мини 124-рэ Iэщ1агъэ. Ар гъэ блэкIам ейм нэхърэ процент 10, 3-кIэ нэхъыбэщ.

ГЪЭСЫНЫПХЪЭ-энергетикэ лIэужьыгъуэхэр хэмыту, щIым къыщIах хъугъуэфIыгъуэхэмкIэ 2014 гъэм промышленнэ производствэм и индексыр, 2013 гъэм ейм елъытауэ, проценти 116, 6-рэ ирикъуащ. Ар щIым къыщIах хъугъуэфIыгъуэхэм пагъакIуэ налогым зэрыхэхуэ щIыкIэми тохъэ.

КъБР-м щIыуэпсым хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министр Газаев Мухътар ди щIыналъэм и бгылъэ щIыпIэхэм щIэлъ щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэр къыщIэзых предприятэхэм я унафэщIэхэм щахуэза зэIущIэм щыжаIад, апхуэдэ лэжьыгъэ ирагъэкIуэкIыну хуит зэращ1 лицензэу республикэм и организацэхэм 2015 гъэм гъатхэпэм и 1-м ирихьэлIэу, 65-рэ зэрагъэгъуэр. А бжыгъэм щIыщу, 28-р пшахъэ-мывэкIэщхьэ зэкъэпIуэр щIым къыщIэзыхьэм, 8-р мафIэбг (вулкан) сахуэ зэхуэзыхьэсэжьм, 7-р чырбыш щагъэжкIэ къагъэсэбэп ятIагъуэмрэ суглинкэхэмрэ къэзыгъэхьэрычэтхэм, 3-р ухуэныгъэхэм кIэралъхьэ мывэхэр къэзыуIэпхъэщхэм, 2-р гипсымрэ мывэ зэпыхамрэ къыщIэзыгъэкIхэм, 1-р керамзитым лъыхъуэхэм ираташ.

МАХУЭКЪУЭ Заурбэч.

• Нобэ КъБР-м и мафIэсгъэункIыфIхэм я махуэщ

ТекIуахэр ягъэпажэ

КъБР-м МафIэсым пэщIэтынымкIэ и къэрал къулыкъур нобэ къыщыщ1эррагъэпэща махуэщ.

АБЫХЭМ я махуэм и пэ къихуэу, хабзэ зэрыхъуауэ, мафIэсым эыщ1ыхъумэным теухуауэ сабийхэм я зэхьэзэуэ зэмылIэужьыгъуэхэр къызэрагъэпэщ. Республикэм щрагъэкIуэкI сурэтыщI ныбжьыщIэхэм я «Фысакъ - мафIэ» зэпеуэм щIыхьэтыкIуэ дыгъуасэ щагъэлъэпIащ КъБР-м МафIэсым пэщIэтынымкIэ и къэрал Iуэхущ1апIэм и актовэ пэшым.

КъБР-м МафIэсым пэщIэтынымкIэ и къэрал къулыкъум мафIэс-профилактикэ лэжьыгъэхэр къызэгъэпэщынымкIэ и управленэм и унафэщI Къущхьэ Вячеслав зэIущIэ гуапэр къызэIуихри, школакIуэхэр кIэщIу щыгъуазэ ищIащ я Iуэхущ1апIэм и гъуэгуанэм, мафIэсым зэщ1ыхъумэным хуэунэтIауэ ирагъэкIуэкI зэхьэзэхуэм щытекIуахэм, зи Iэдакъэщ1экIхэр кIэух Iыхьэм пхыкIахэм псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ.

Адэкlэ Къущхьэ Вячеславрэ Налшык къалэ и ПЧ-1-м и унафэщI Шыгъуэшэ Жыраслъэнрэ зэхьэзэхуэм щытекIуахэр ягъэпэжащ.

«Пхъэм къыхэбзыкIын» Iыхьэм щытекIуащ Тэрч районым хьихьэ Красноармейскэ къуажэм дэт курыт школым и 9-нэ классым щеджэ КIэрэф Анзор. ЕтIуанэ увыпIэр лъысащ Прохладнэ щIыналъэм хьихьэ Пролетарскэ къуажэм дэт курыт еджапIэм и 11-нэ классым щIэс Шумилкинэ Юлие. Шэджэм районым и Шэджэм ЕтIуанэ къуажэм и курыт еджапIэ №2-м и 10-нэ классым щеджэ Джэрыджэ Астемыр ещанэ хъуащ.

«Пхъэм сурэтхэр, тхыпхъэщIыпхъэхэр къыхэгъэсыкIын» Iыхьэм бжьыпэр щиубыдащ Нарткъалэ дэт лицей №1-м и 10-нэ классым щIэс Къардэн Iэминэ. Бахъсэн къалэ дэт курыт еджапIэ №94-м и 8-нэ классым щеджэ Дол Лоренэ етIуанэ увыпIэр къихьащ. Май къалэм дэт курыт еджапIэ №5-м и 9-нэ классым щеджэ ныбжьыщIэ Къэсей Максим ещанэ увыпIэр лъысащ. Абыхэм дипломхэмрэ саугъэт лъапIэхэмрэ иратащ.

Саугъэт щхьэхуэхэр ялъысащ Дзэлыкъуэкъуажэ дэт курыт еджапIэ №2-м и 9-нэ классым щIэс Псэнэкъуэ Каринэрэ Бахъсэн къалэ и курыт еджапIэ №3-м и 9-нэ классым щIэс Шопарэ Артуррэ.

Зэхьэзэхуэм и я1пэ файл зэпеуэм къыщыхэжанэкIа ныбжьыщIэ 40-м ведомствэм и щIыхь тхыльхэр иратащ.

Зэ1ущIэм къраГъэблагъэ школакIуэхэм фэеплъ сурэтхэр зытрагъэхащ, МафIэсым пэщIэтынымкIэ Iуэхущ1апIэм зыщ1апIыхьащ, техникэхэр зрагъэлъэгъуащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.
Сурэтхэр **Елькъэн Артур** *трихащ.*

• Футбол

Къэхъуным занщIэу бжьыпэр еубыд

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ 2015 гъэм и чемпионатыр гъатхэпэм и 28-м щIидзащ. Мы гъэм абы командэ 16 хэтщ.

НэГЪАБЭРЕЙ зэхьэзэхуэм ятIэ увыпIищыр щ1ызыубыдахэм зэхьэзэхуэр иджыри жыджэру ирагъэжьащ. Ахэр псори я хьэрхуэрэгъуэхэм бжьыгъэшхуэкIэ текIуащ. Апхуэдэу «Кэнжэр» ефIэкIащ Псынэдахэ къикIа «Родник»-м, «Автозапчасть»-м «Псыгъэнсум» иригъэлъэгъуащ зыхьэха гуп нэхъыщхьэр зищIысыр, «Къэхъуным» «Шэджэм-2»-м и щхьэр къригъэIэтакъым.

КъБР-м и мыгъэрей чемпионатым и пэщIэдзэ зэIущIэхэр хуабжьу удзэзыхьэх хъуащ. ЖыпIэну урикъунщ абы хьихьэ зэIущIи 8-м топ 42-рэ (!) зэрыщыщIадгъэкIар.

Гъуащхьауэхэм я зэпеуэм бжьыпэр щиубыдащ «Автозапчасть»-м щыджэгу Хьэбилэ Алим. Ятп зэIущIэм абы топиплI «Псыгъэнсум» и гъуэм дигъэкIащ. Хьэбылэм кIэщIу яужь итщ щэрыщэ хьэжжаныкIэ Быдэр («Союз»), Жыгуныр («Кэнжэ»), Амщыкъуэр («Родник»).

Щ1ыгъуазэ фхуэзтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым хэт командэхэм я ятп джэгуГъуэм кърикIуа бжьыгъэхэм: «**Къэхъун**» (Къэхъун) - «**Шэджэм-2**» (Шэджэм ЕтIуанэ) - 6:0, «**Велес**» (Къэрэгъэш) - «**Бахъсэн**» (Бахъсэн) - 1:1, «**Союз**» (Налшык) - «**Къэбэрдей**» (Шэрэдж Ищхэрэ) - 7:2, «**Бедик**» (Адыгэдан) - «**ЛогоВАЗ**» (Бабугент) - 2:3, «**Кэнжэ**» (Кэнжэ) - «**Родник**» (Псынэдахэ) - 6:3, «**Автозапчасть**» (Бахъсэн) - «**Псыгъэнсу**» (Псыгъэнсу) - 5:0, «**Тэрч**» (Тэрч) - «**Щтауч**» (Шэджэм) - 1:2, «**Нарт**» (Нарткъалэ) - «**Спартак-Д**» (Налшык) - 1:0.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр дызыхуэкIуэ щэбэтымрэ тхъэмахуэмрэ екIуэкIынущ. МэлыжьыхьыМ и 4-м зэIущIэнущ «Родник» - «ЛогоВАЗ», «Шэджэм-2» - «Велес», «Кэнжэ» - «Автозапчасть», «Щтауч» - «Къэхъун» командэхэр. Мэлыжьыхьым и 5-м зэдэджэгунущ «Псыгъэнсу» - «Тэрч», «Спартак-Д» - «Бедик», «Къэбэрдей» - «Нарт», «Бахъсэн» - «Союз» гупхэр.

ХЬЭТАУИслъам

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Къэхъун»	1	1	0	0	6-0	3
2. «Союз»	1	1	0	0	7-2	3
3. «Автозапчасть»	1	1	0	0	5-0	3
4. «Кэнжэ»	1	1	0	0	6-3	3
5. «ЛогоВАЗ»	1	1	0	0	3-2	3
6. «Щтауч»	1	1	0	0	2-1	3
7. «Нарт»	1	1	0	0	1-0	3
8. «Бахъсэн»	1	0	1	0	1-1	1
9. «Велес»	1	0	1	0	1-1	1
10. «Бедик»	1	0	0	1	2-3	0
11. «Тэрч»	1	0	0	1	1-2	0
12. «Спартак-Д»	1	0	0	1	0-1	0
13. «Родник»	1	0	0	1	3-6	0
14. «Къэбэрдей»	1	0	0	1	2-7	0
15. «Псыгъэнсу»	1	0	0	1	0-5	0
16. «Шэджэм-2»	1	0	0	1	0-6	0

● ТекIуэныгъэ Инир илъэс 70 щрикъум ирихьэлIэу

«Ауз Джафэ» щIыпIэр псэзэпылъхьэпIэм

Хэку зауэшхэм и илъэс хьэлъхэр кIуэ пэтми тпIэщIэ мэхъу, ауэ ди цIыхухэм зэрахьа лIыгъэр, къагъэлъэгъуа хахуагъэр, къакъуэкIа къару мыкIуэщIыжыр дапщэщи фэеплъ лъапIэу къыддокIуэкI. Бий бадджэр и гъуэм изыкIыхьыжу ТекIуэныгъэр кьытхуэзыхьахэм я цIэр бэм яIэт, пщIэ лей хуащIу, иригушхуэу зэIэпах, абыхэм я щапхъэм щIэблэр щIапIыкI. Ди щхьэхуитыныгъэм къэмыпIэнджэжу щIэзэуахэм ящыщщ Нэгъуейр Iэмырбий Цацу и къуэр. Ставрополь крайм хыхьэ Первомайскэ къуажэм къыщалъхуа, щапIа щIалэ Iэчлъэчыр гуащIафIэт, зэпIэзэрытт, и хьэл-щэн дахэм и дуней тетыкIэри и IуэхущIафэри дэбжьыфIэрт...

ЗЭРЫПХЪУАКIУЭХЭР ди къэралым къыщытеуэн, совет цIыхубэр зэщIотаджэри, зыIи и бину бий ерум пэщIоувэ. Iэмырбий сvelвэст-радиотелеграфист, бронь иIэти, зэпымыууэ военкоматым зыхуиГъаза щхьэкIэ, фронтым яутIипщыгъэкъым. И лъэIур къыщыхуащIар 1942 гъэм и гъатхэпэ мазэрщ. И Iэщ1агъэмкIэ дзэ хуэIухуэщIэхэм хуэхъэзырти, Илщэ-Къухьэпlэ фронтым и 203-нэ фочауэ дивизэм и 619-нэ полкым хэту зауэм Iоухэз.

- Дэтхэнэ махуэри икъуКIэ гуащIэт, псэзэпылъхьэпIэт. Къытпэплъэр, ди натIэ хъунур вымы тщIэртэкъым, итIани, псом япэу дызэгупсысыр къытухащI унафэр, ди кьалэныр фIэкIыпIэнщэу зэрыдгъэзэщIэныр, - игу кьиГъэкIыжыр нэхъыжьфIым.

Куэдрэ илпьащ Нэгъуейр ажалым и нэгум. Зэхэуэ гуащIэхэм хэту телефон кIапсэхэр мыувыIэу щызэпищIэжа сыхьэтхэр жьыхьэмэ пэлъытэт. Ар ящыщщ 1942 гъэм и шыщхьэуIу мазэм Илщэ-Матвеевскэ къутырымрэ Еланск станицэмрэ я Iэшэлъашэм биишэр къателъажьэу Тэн псым щызэпрыкIахэм, Петро-Свистуновэ къуажэм дежь Днепр псыр щызэпызыупщIахэм, Ростов областым и щIыналъэм зэрыпхъуакIуэхэм щхьэмыгъазэу щагъэщIэтахэм, фельдмаршал Паулюс и дзэр зэтезыкъуатэу Сталинград къалэр хуит къэзыщIыжахэм.

Нэгъуей Iэмырбий и ныбжьэгъуэм фIыуэ кьалъагъурт, пщIэ хъыхуащIырт. ЦIыхухъу зэныбжьэгъуГъэр зэрагъэпэжьым зауэм и хьэлъэр ящиГъэпсынщIэрт, кьаруу кьахилъхьэрт, текIуэныгъэм нэхъри хуигъэпабгъэрт, зэрыпхъуакIуэхэм щыгъэхьэрыгъуэ щагъэщIэтахэм, фельдмаршал Паулюс и дзэр зэтезыкъуатэу Сталинград къалэр хуит къэзыщIыжахэм.

Нэгъуей Iэмырбий и ныбжьэгъуэм фIыуэ кьалъагъурт, пщIэ хъыхуащIырт. ЦIыхухъу зэныбжьэгъуГъэр зэрагъэпэжьым зауэм и хьэлъэр ящиГъэпсынщIэрт, кьаруу кьахилъхьэрт, текIуэныгъэм нэхъри хуигъэпабгъэрт, зэрыпхъуакIуэхэм щыгъэхьэрыгъуэ щагъэщIэтахэм, ЗауэлI хэкIуэдэхэм яIуп щIэныгъурт. А щIыпIэр тфIаубыдыи мурадкIэ, бийр ерыщу къыдзбгъэрыкIуэрт, зэпымыууэ къаруущIэхэр кърашалIэрт. Уэгуми щIылъэми мафIэ лыгъэр ирадзами яреIт. Фашистхэм топхэмрэ къхъхьлъатэхэмрэ куэду къаГъэсэбэпырт, иужькIэ танк щынагъуэхэр лъэныкъуитIкIэ къыщыдаутIыпщырт. Унафэ кьытIэрохьэ дэ езыр дебГъэрыкIуэу, бийм и быдапIэр пхыттхъыж хуейуэ. Зэхэуэм и гуащIэгъуэ дыдэм топышэм кIапсэр зэпеудри, ди батальонхэм ящыщ зыр связынщэу къонэ. Ар икIэщIыпIэкIэ зэпыдмыщIэжмэ, нэуфIыщIщхьэрыуэу дебгъэрыкIуэн хуей хъунут, ди зауэлI куэд хэкIуэдэнут. Связыр зэфIагъэувэжыну псынщIэу зизыча щIалэхэм къагъэзэжьыртэкъым. ЦIытыкIэр зэщIэпгъэрт, батальонхэр зэрыщIэртэкъым. ЗыпIэжьэ зэрымыхъунур бэнти, кIапсэр соубыди, кумбхэм сипкIэу, кIэнауэхэм зыдзэдзэурэ зэпычыпIэр кьызогъуэт, я кIапэхэр согъэкьабзэри, быдзу зэпызощIэж. А дакъикъэм си Iэ сэмэгум зы хьэлъэ гуэр кьытохуэри, лыгъэу къолыд, си нэхэр щоункIыфIыкI, - кьиГуэтэжьырт Нэгъуейм.

Iэмырбий зыкъыщищIэжар уIэгъэщырщ. И блынкъ сэмэгумрэ и щхьэмрэ удыныншхуэ тельти, Ташкент къалэм игъэIапхъуэри, зэман кIыхькIэ абы къыщIэзэщ икIи 1943 гъэм и шыщхьэуIу мазэм дзэм къыхахъагъэкIыжащ. НыкъуэдыкъуагъэкIэ 2-нэ гуп иIэми, зылI лъысынкьилэжащ Нэгъуейм. Зоотехник Iэщ1агъэм хуеджэри, Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм и зэфIэкI щеблэжакъым, и пщIэрэ и нэмысрэ иIыгъыжу и кьалэныр хьэлэлу ирихьэкIащ. Аруан районым хыхьэ Чернэ Речкэ жылагъуэм 1968 гъэм мэлэпхъуэри, пенсэм кIуэхукIэ кьуажэ Советым и Iуэхур еунэтI. Жьылэм и ветеран организацэм и апэ тхьэмадзэ щытар Iэмырбийщ. ХэкIуэда зауэлIхэм я феепIлыр курыт еджапIэм и пщIантIэм зэрыщагъэувам абы и фIыщIэ куэд хэлъщ. Дзэ щIыхьым и пэш хэхам щIэлъ тхыгъэхэр зэхуэзыхьэсари аращ. Нэгъуейр хуабжьу цIыху жьыджэрт, жэрдэмщIакIуэт - милицэм штатым щымыщ и лэжьакIуэт, кьуажэ советым и депутатт, ветеранхэм я республикIэ советым хэтт. ГущIэгъуэлыт, нэгъуэщIыр и щхьэм ирилъытырт. Абы и зы щапхъэщ Хэку зауэ орденым и апэ нагъыщIэр, «ЩIыхь» орденым и 3-нэ нагъыщIэр, медаль зэмылIэужьыгъуэхэр зыхуагъэфэща, ныкъуэдыкъуагъэкIэ етIуанэ гуп зиIэ нэхъыжьыфIым и пенсэр илъэс 20 зэкIэлъыкIуэм сабий унэхэм я гъэсэн цIыкIуэм зэраритар. Мис апхуэдэ гуащIэрэ зэфIэкIрэ бгъэдэлъу ГъэкIуэм, лъэпкъым хьэлэлу яхуэлэжьащ зауэлI хахуэ, угъурлуэу дунейм тета Нэгъуей Iэмырбий Цацу и къуэр. Къызэрыгъэмыгъэрэ илъэс 15-м нэблагъэми, зыщIыхуу щытахэм ар ящыгъупщэркъым, Iэфлу ягу кьагъэкIыжу, и феепIь нэхум пщIэ хуащI.

АРУАН Алий.

Зауэм сыхэтакъым, ауэ фIыуэ сощIэж абы и ужь илъэсхэм щыIа мэжащIалIагъэр, апхуэдэуи си анэшхуэм нэпс гуащIэ щIигъэкIыу зэрыщытар. Ар дунейм ехьжьху и къуитIым япэплъащ. Ерыскъы Iэфl унагъуэм щапщэфIамэ, «мыр ЦIунэ, мыр МуIэзин я Iыхьэш» жиIэурэ яхуигъувырт. Ар Тхьэм зэрелъэIуу щыта зэчырхэр нобэми си тхьэкIумэм итщ. Зэманымрэ гуауэ щIэншэмрэ къаруншэ ящIа си анэшхуэр пIэхэнэ хъуауэ щыхэлъми, бжэр зыгуэрым къыIуихамэ, и къуэхэм ящыщ фIэщIу, «А, си псэ тIэкIу зэзгъэшхьи, укъэкIуэжа?» жиIэурэ мащIэу зыкъытриIэтыкIыт. Алыхьым апхуэдэу иухати, анэр и бынитIым дунеягъэм щахуэзэжакъым, тIури зауэм ирихьэ Первомайскэ къуажэм къыщалъхуа, щапIа щIалэ Iэчлъэчыр гуащIафIэт, зэпIэзэрытт, и хьэл-щэн дахэм и дуней тетыкIэри и IуэхущIафэри дэбжьыфIэрт...

● ГукъэкIыжхэр

Зауэм и бынхэр

Умар Ахьмэд *(дунейм ехыжащ)*: - Нэмыцэхэр къуажэм щыдэкIыжьым хуабжьу зэрыгъэхьэхэрт, абыхэм ящыщ зым сызыбгъэдишэу ашык щытыр къэсщтэну къыщызжиIэм, ерагькIэ къэсIэтащ, лъэбакъуитху хуэдиз счауэ, сыльэпэрапэри, ашыкыр лъеящ, сыщIэпхъуэну сыхэтащ, арщхьэкIэ, хуищIэу къызэзури, машинэм нэхъыбэсащ, итIанэ сыщIэпхъуэри зызгъэпщкIуащ. «ЩIэблэщIэ гвардие» кином хэтахэм хуэдэ ди къуажэ дэсамэ, тобэ ирехъу, зы нэмыцэ кьыданэнтэкъым, апхуэдизкIэ ахэр бэлэрыгъыртри. Си ныбжьэгъумрэ сэрэ фоч къэдгъэтэуэ диIэт. Зэгуэрым нэмыцэ щIалэшхуэ газет еджэу щэнтым тест. Езым дыкъымыIытаГъуэ хуэдэу тIысыпIэ кьыхэтри, чэзуэрэ еуэн щIэддзащ, ауэ, бетэмал, тхутетхуэхэрэтэкъым, зы щэ нэхъ гъунэгъуу щыблэлъэтым, нэмыцэр гузавэри унэм зыщIидзэжат.

- Нэмыцэхэр ди къуажэ щыдэсам илъэс 12 ныбжьым ситт, нобэ хуэдэу сощIэж а махуэ жагъуэхэр, - кьыддогуашэ **ЩомахуэЩалим**. - Къуажэм зауэ гуащIэ щекIуэкIырт, ныбжьыщIэ цIыкIуэхэм ди щхьэжьмкIэ дыщыIэрти, АстемырейкIэ кьэдунэтIыжьырт, дывтэкъым, дыштэкъым, лъэсут дыззрызекIуэр. Сэ сыт щыгъуи си адэ къуэшым и кьуэр си плIэм ису дэнэ сыкIуэми здэсхьырт. Нобэ хуэдэу сощIэж уэгум кьухьлъатэ щыта щызззауэу дыззрырихьэлIар. Нэмыцэ кхъухьлъатэ къраудыхар мэзым хэхуауэ щытащ абы щыгъуэм. Ди кхъухьлъатэр кьуажэкIэ дыдэм кьыщIэхуэхат, абы иса щIалэр уIэгъи хъуауэ, мафIэри кьеIауэ, хадэ гуэрым кьуацэм щыхагъапщкIуэри, жэщым и шхын хуахьу, махуэм зыри бгъэдамыгъэхьэу, нэмыцэхэми гу лъамытэу яхъумэн яхуэзфIэкIащ, уеблэмэ советыдзэм псэууэ яIэрыхьэжат ар. Къуажэдэсхэм зэрыжаIэжымкIэ, нэмыцэхэр жылэм дэкIыжу гъащIэр мамыр хьужа иужь, псэзэпылъхьэпIэм хъраща щIалэр фIыщIэ къахуищIыну къэкIуат.

Къэбэрдокъуэ Барэсбий: - Дысабийт нэмыцэхэр ди кьуажэ щыдэсам, аэр щыщIэпхъуэжьым нэхъыжьхэм кьагуфIар зыхуэдизыр фIы-

КЪУЩХЬЭУНЭ Алексей Шагъир и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щэнхабзэм хэщIыныгъэшхуэ игъэтащ. И ныбжьыр илъэс 73-нэм иту дунейм ехьжащ УФ-м и ТхакIуэхэм я союзым, Журналистхэм я союзым хэт Къущхьэунэ Алексей Шагъир и къуэр.

Къущхьэунэ Алексей 1942 гъэм мэлыжьыхьым и 12-м КъБАССР-м и Тэрч районым хыхьэ Урожайнэ къуажэм кьыщалъхуащ. Абы пасэу лажьэн щIидзащ, Налшык и ухуэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм рабочэу щыIащ. Совет Армэм кьулыкъу щIащ. Абы КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетыр, иужькIэ КПСС-м и ЦК-м и деж Жылагъуэ щIэныгъэхэмкIэ щыIа академием журналистикэмкIэ и къудамэр кьиухащ. Журналистикэм ар хихьауэ щытащ «Пионерская правда» газетым кьытрыригъэдзауэ щыта тхыгъэ кIэщIымкIэ. 1962 гъэм щыщIэдзауэ Къущхьэунэ Алексей Май район газетым, «Советская молодежь» газетым, телевидеэнмкIэ республикэм и студием, ВЛКСМ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым щылэжьащ. 1972 гъэм щыщIэдзауэ «Советская молодежь» газетым и редактор нэхъыщхьэу, КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и инструктору, къудамэм и щIэныгъэм и къуэдзэу, КъБАССР-м Телевидеэнмрэ радиовещанэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщIым и къуэдзэу, абыхэм къадэкIуэу 1971 гъэм щыщIэдзауэ Урысейм и литературэр фондым и къудамэм и унафэщIу, «Ди унэр - Урысейрщ» Урысейпсо жылагъуэ-политикэ зэщIэхъееныгъэм и щIыналъэ зэгухьэныгъэм и исполкомым и унафэщIу, УФ-м и Къэрал Думэм и депутатым и дэIэпыкъуэгъуу, КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм и къудамэм и унафэщIу щытащ.

Сыт хуэдэ къулыкъу имыIыгъами, Къущхьэунэ Алексей Iэнатlэм хуэпэжу, кьызэгъэпэщакIуэ пльэщу икIи зэрыщIэжу, захуагъэ зыхэлъ унафэщIу щытащ. Республикэм и жылагъуэ, щэнхабзэ гъащIэм жыдджэру зэрыхэтым, Iуэхум зэрыщыгъуазэм икIи абы ерыщу зэрыбгъэдэтым кьыжьэкIыу Къущхьэунэ Алексей и лжьэгъуэм, зыхэт тхакIуэхэмрэ щIыхьэ кьыхуащIыт.

Къущхьэунэ и Iэдакъэм кьыщIэкIащ республикэм, къэралым я псэукIэм теуэуа публицистикэ тхыгъэу щэ бжьыгъэхэр. Абы документальнэ фильмхэм я сценарийхэр, очеркхэр, дилъэхъэнэгъуэм ятеуэуа литературэ тхыгъэхэр итхырт. Апхуэдэу тхылъеджэхэмрэ критикхэмрэ фIыкIэ гу лъатащ абы и Iэдакъэм кьыщIэкIа тхылъ щхьэхуэхэм. Рассказхэр, повестхэр щызэхуэхьэсауэ Налшыки Москвеи кьыщыдэкIа «Год до весны», «Наводнение», «Звездочёт», «Дождь и солнце», «Сауна», «Лицо кавказской национальности» тхылъхэр теухауэ ди цIыхуэхм я хабзэ нэхъыфIхэр хъумэным, щIалэгъуалэр гъэсэным. ТхакIуэм и литературэ лэжьыгъэхэр республикэм кьыщIдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ, «Дон», «Сельская молодежь», «Смена» журналхэм, «Литературная Россия» газетым тетащ, балъкъэрыбзэкIэ, абхъазыбзэкIэ, куржыбзэкIэ, украиныбзэкIэ зэрадзэкIащ, Польшэм, Финляндиием, Венгриемкъыщыгъэтрадзащ.

Къущхьэунэ Алексей зэфIэкI зыбгъэдэлъ тхакIуэт, журналист, цIыху хьэлэмэтт, унагъуэлIт, ныбжьэгъу пэжт. Ар емызэшу творческэ щIалэгъуалэм ядэлажьэрт икIи и щIэныгъэмрэ зэфIэкIымрэ зэраритыныр хущIэкъурт.

Къущхьэунэ Алексей Шагъир и къуэр зэи ящыгъупщэнкъым ар зыцIыхуу, абы дэлажьэу щытахэм.

КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэ.
КъБР-м Печатымрэ цIыхубз коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитет.
КъБР-м и ТхакIуэхэм я союз.
КъБР-м и Журналистхэм я союз.

● Ди лъэпкъэгъуэхэр

Бзэмрэ хабзэмрэ зы чысэ илъщ

Адыгэбзэм и махуэр гъатхэпэм и 14-м дахэу ягъэлъэпIащ Тыркуекъэралыгъуэм щыпсэу адыгэхэм.

«СЭ СЫАДЫГЭЩ» жызыIэ дэтхэнэми зы лъэбакъуэ езым зыхуичыжащ а махуэм - псэкIэ нэхъ хуит хъуащ. Мазэм щIигъуауэ цIыкIуи ини - адыгэу зызыбжыж псоми - Iуэхум зыхуагъэхьэзырырт, я нэгум щIэкIыну телъыджэм пэплъэу. Абыхэм я гуфIэкIэр ебгъэщхь хъунут хъыджэбэ гъэфIам къыщалъхуа махуэм зэрызигъэщIэращIэм. Анэдэлъхубзэр зымыщIэхэри, кьыгурыIуэми иримыпсэлъэфхэри, иринсэлъэфми иримытхэфхэри зыщIэзыгъэгупсысыж щхьэусыгъуэ яIэт - Адыгэбзэм и махуэт. Бзэм щимахуэкIэ, лъэпкым и махуэт. Зыкъомым я щхьэр къыпыхуауэ, «ديلIыхьамэ нэхъыфIт, Хэкур дыбгына нэхъ ящ» жаIэрт. КъащыщIар къагуроIуэжри, фIыгъуэшхуэ зэрафIэкIуэдар псэкIэ зыхащIэ, къахуэнам зыкIэращIэ, кIэльоIэбэ. ЗэкIэ яхуэзэфIэкIынур арати, Тыркум щыIэ Адыгэ Хасэ псоми зэхуэсышхуэхэр щащIащ, зэрыхъукIи, абы адыгэбзэкIэ къыщIпсэлъахэщ. Анэдэлъхубзэм нобэ игъуэта щытыкIэм, хамэщIым уи бзэр, хабзэр, дуней епIъыкIэр - адыгагъэр щыпхъумэну зэрыгугъум щытепсэлъыхьащ апэ Iыхьэм.

УсакIуэшхуэ КIыщокъуэ Алим зэрыжиIауэ:

Сыт батэкъутэр уэ бгъэшами,
Уи бзэр щыIэхукIэщ уи дунейр.
Бзэ симыIэжмэ си ахърэтым
Жэнэт сисыну сыхуэмей.

Мыхэр сыткIи зэпэщ хэкум щопсэу. Къэралым нэхъри зиужьыхукIэ, хамэщIым къикIа лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэр яIэщIохуэ... Ар адыгэхэм я закъуэ къащыщIа гуэркъым, атIэ дуней псом щызэкIуэ хабзэщ.

- Адэжь хабзэм елъэпауэр лей зэрихьэм пауджэнщ, - жи усакIуэм. Бзэмрэ хабзэмрэ зэкIэрыпч мыхъуну къызэдокIуэ. Адыгэбзэр лъэпкъым и дежкIэ хабзэр зэрызэрахьэ Iэмэпсымэщ. Мыхэр зэгъусэу къызэдигъэщIащ. Зэрыттъагъущи, зэгъусэуи мэужьыхьыж. «Адыгэбзэ къызжиIащ», «адыгагъэ къыскIэлъыхьэрихьащ» псалъэхэр лъэпкъым и хьэл-щэн нэхъыщхьэр къэзыгъэлъагъуэт. «Адыгэбзэ къызжиIакъым» жиIамэ, зыгуэр гущIыхьэ щыхъуауэ арат. Адыгэр зэплъыр матэкIэ къыхуахьаратэкъым, атIэ псалъэкIэ къыжраIарат. Гум кьинэри кьыкIэлъыдэрахьа адыгагъэрт. Адыгэм и хабзэ нэхъ иныр - адыгэбзэ жиIэныр. Ар икIи хабзэт, икIи псалъэт, икIи тхьэлъэIут. ТхакIуэшхуэ Нало Заур «бзэр псалъэ къудейкъым, атIэ ар гупсысэкIэщ, дуней тетыкIэщ» жыхуиIар аращ.

КIыщокъуэ Алим и зы тхыгъэм мыпхуэдэу щыжеIэ: «Анэдэлъхубзэмрэ адыгэ хабзэмрэ хьэдэнтIу зы нэм ис хуэдэщ, апхуэдизкIэ зэкIэрыпщащи. НтIэ, хабзэмрэ нэмысымрэ Iэщ1ыб тщIамэ, зыгуэрым кьытпиубыду тщIакъым, мащIэ-мащIэурэ тIэщIэкIауэ аращ».

Уи анэдэлъхубзэкIэ упсэлъэныр, угупсысэныр, утхэныр нэхъ къулеягъэшхуэхэм ящыщ хъуащ иджыпсту. ЗэрыхэкIуэдэжьыр псэкIэ зыхащIэ пэтми, зэманыр езыр и гъуэгу тетыжщи, кьызэтеувыIи кьызэплъэкIи иIэкъым. Сыт пщIэн? Хэхэс псоми я зэхэтыкIэ-псэукIэр апхуэдэщ. Илъэсищэрэ щэ ныкъуэкIэ зыIыгъащ хамэщ кьызыхуиуха адыгэхэм. Абыхэм я нэгу щIэкIам адыгэу укъыззэтринэнутэкъым, Хэкум здраха адыгэ хабзэ ткIийр мыхъухэтэж - аращ кьезыгъэлъар. Напэр псом япэу, зыхэтым фIыкIэ къахэщу, зэрыс къэралыгъуэхэм пщIэ къыщыхуащIу адыгэр хамэщIхэм щызыгъэпсэуар нэхъыжьхэм ильэс минхэм кьызэпраха адыгагъэрщ. «Хьэрэмым щхьэкIэ уэттышхуэ щыIэтэкъым, ауэ «емыкIуц» жаIамэ, дебакъуэртэкъым», - жаIэрт Тыркум щыпсэу адыгэ щIалэхэм. УигъэгуфIэрт зэхуэсым ныбжьыщIэ куэд кьызэрекIуэлIам. ЕкIуэкIым кIэлъыплъ къудей мыхъуу, ахэр езыхэри Iуэхум хэтт.

Мударей Хасэмрэ Истамбыл Хасэмрэ Адыгэбзэм и махуэр хуагъэлъэпIат щIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ. Нэхъыжь псалъэжаIэри, щIалэгъуалэм утыкур хуит хуащIащ. Уи анэдэлъхубзэрэ уи хабзэрэ зэ пIэщIэкIамэ, зы IэрыгъэхьэжьигъуафIэкъым. Ар къагурыIуэрт щIалэгъуалэм. Нэхъыщхьэращи, абыхэм кьызыхэкIа лъэпкъыр ящIэжыт, адыгэпсэ яIутт, я тепльэм зэрыадыгэр къигъэльагъуэрт. Фащэ екIу зыщыгъ ныбжьыщIэхэм уэрэдрэ къафэкIэ утыкур ягъэдахэрт. Сыту фIыт екIуу кьызэрыфэм хуэдэу анэдэлъхубзэри яхуэгъэзащIэуэмэ! «Лъэпкъым и хабзэм зэрихьэр набдзэу адыгэ джэгурщ» - абы щыжаIа уэрэдым хэта псалъэхэм кьызэрагъэльагъуэщи, хамэщIхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм иджыпсту «сыадыгэщ» жаIэмэ, кьэфэнрауэ кьыщIэкIынущ кьрагъэкIыр.

Iуэхум хэтахэм ягу дыхьащ илъэс 16 фIэкIа зимыныбжь пшынауэ Джэмыкъуэ Тамбий и зэфIэкIыр. Сирием кьыщалъхуа, абы зауэр кьыщыхъея нэуэ Тыркур псэупIэ зыхуэхъуа адыгэ щIалэм етъэлэгуэ екъуалIэныгъэшхуэхэр иIэщ. Абы теуэуа тхыгъэ «Адыгэ псалъэм» тетащи, кьытезгъэзэжынкъым. Ауэ жиIар фхуэсIуэтэжынщ: «Бзэр си адэ-анэм сагъэщIащи, сэ абыхэм фIыщIэшхуэ яхузощI, ауэ си ныбжьым адыгэбзэкIэ сызэпсэлъэн зэрахэмытыр сигу кьоуэ».

БАКЪ Зерэ.

Мурманск жьыжьм и Iуащхьэм хьдзэлIхэм ТекIуэныгъэм и бэракъ щыхатIэ.
1945 гъэ, накьыгъэм и 9

«Ди нэхъыжьхэм дахуэфащэу»

Налшык дэт курыт еджапIэ №25-м апхуэдэ фIэщыгъэм щIэту щекIуэкIащ «Эстафета звездной Победы» урысейпсо хэкупсэ акцэм ипкъ иткIэ къызэрагъэпэща зэIущIэ.

ТЕКIУЭНЫГЪЭ Инир илъэс 70 щрикъум хуэунэтIа мы Iуэхугъуэр сыт и лъэныкъуэкIи зэпэщт. Школым щызэхэт дзэ-хэкупсэ зэгухьэныгъэм къызэIуихащ нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм ящыщ зэрыпхъуакIуэхэм лыгъэ ин яхэлъу пэщIэта ди сэлэтхэмрэ зауэ лъэхъэнэм цIыхубэм ятелъа гугъуехьхэмрэ ятеуэуа музей. Абы и щIыхьэпIэм махуэ кьэ щопIлъэ еджакIуэхэр.

Литературэ-макъамэ гъэлъэгъуэныгъэм еджакIуэхэр щытепсэлъыхьащ зауэм хэтахэми тыл лъэныгъэ хьэпIэр кьезыхьэлIахэми. ЗэIущIэм кьрагъэблагъа ветеран-хэм ахэр ехъуэхуа нэужь, зауэ лъэхъэнэм ятха усэхэм кьеджащ, уэрэдхэр ягъэзэщIащ. ЦIыкIуэр дакъикъкIэ ахуэщIымащ фашизмэм ебэныным зи гъащIэр щIэзытахэм.

Акцэм ипкъ иткIэ, зэIущIэм хэта ветеранхэм иратащ «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм кьыщахьа ТекIуэныгъэр илъэс 70 зэрикъум папщIэ» юбилейнэ медалхэмрэ Хэкупсэ союзым кьыбгъэдэкIыу саугъэтхэмрэ. ЗэIущIэм и кIэуэм псоми зэгъусэу фэеплъ сурэтхэр зытрагъэхащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Псом нэхъ нэхъ лъапІэр

Новеллэ

Къуэр пщэдей хуэдэм зауэ мыгъуэжьым кІуэрти, хьэблэри Іыхьлыри зэхуэсауэ нэщхьеягъуэр зэбзкІ джэгу тІэкІу хуащІыжыр.

«Уи щхьэр хъумэ, си щІалэ. Азалыхьталэм уузынэзэ бэлъТІэІунэшэу укъысхуихьыж, - жи анэм, нэмыс хэлъу адэм и пащхьэм ит къуэм зришэкІыуэ. - Зэрыкъэралу Ялыхь гущІэгъу къыпхуэщІ... ЩІалэ нэхъыжьыр зыхэт мафІэм ухохьэ. Фызымыльагъуж хъумэ, жызоІэри си кІуэцІыкІыщІэр къреІуэнтІыкІ». Анэр къыпигъыкІыуэр, къуэм тольэщІыхь, и щхьэми и напэми Іэ делъэ, ба хуещІ... Адэр жьантІэм къыдэсщ, абы и нитІыр плъыжьщ, гупсысэ хьэлъэм, гупсысэ куум ар зэрыхэтыр нэрылъагъущ... «Плъхьужьу хэкІуадащ...» Нобэ махуэ 21-рэ мэхъу а псалъэ гуІэн зэрыт тхылъымпІэ кІапэр адэм къызэрыхьэрэ. Абы зэкІэ зыри хащІыкІыр-къым фызабэ гъащІэр зытепсыха нысэми, анэми, пщэдей гъуэгу техьэ мы нэхъыщІэми. Иужьым адэм и щхьэ къэІэти, и Іэ ижь къыдэхьеи зы ещІри, ткІийуэ, ауэ мыпІащІэу, гупсыса хьэлъэм, гупсысэ куум ар зэрыхэтыр нэрылъагъущ... «Плъхьужьу хэкІуадащ...» Нобэ махуэ 21-рэ мэхъу а псалъэ гуІэн зэрыт тхылъымпІэ кІапэр адэм къызэрыхьахь